



KESYON AK REPONS OSIJÈ PWOGRAM EDIKASYON ESPESYAL
POU ELÈV KI NAN LAJ KLAS MATÈNÈL

K: Èske ou peye pou egzamen oswa evalyasyon Child Find, oswa pou ale nan yon pwogram si timoun nan kalifye pou plasman?

R: Non. Paran pa peye pou sèvis Child Find yo. Anba lwa aktyèl la, gen yon edikasyon "gratis epi apwopriye" ki garanti pou timoun apati laj twazan (3) zan ki kalifye pou edikasyon espesyal. Gen transpò gratis tou ki disponib pou soti lakay ale lekòl la epi retounen lakay pou timoun ki abite yon distans de (2) mil oswa plis de lekòl kote y ap bayo sèvis yo.

K: Ki kondisyon oswa andikap k ap kalifye yon timoun pou plasman nan pwogram edikasyon espesyal pou elèv (ESE) nan klas matènèl Rejyon Palm Beach?

R: Timoun 3, 4 epi 5 an kapab kalifye pou plasman nan pwogram ESE pou klas matènèl si yo ranpli egzijans pou kalifikasyon anba yonn oswa plis nan klasifikasyon ki vin apre yo:

Andikap nan diskou	Soud/Tande di
Andikap nan langaj	Andikap aprantisaj espesifik
Andikap vizyèl	Twoub otis
Andikap entèlektyèl	Andikap sansoryèl doub
Andikap emosyonèl/konpòtman	Andikap òtopedik
Reta nan devlopman	

Timoun ki kalifye kòm soud ak tande di kapab resevwa sèvis depi nan nesans.

Yon timoun ki kalifye anba yonn oswa plis nan kalifikasyon anwo yo kapab resevwa tou terapi fizik ak oswa terapi okipasyonèl si egzijans kalifikasyon pou sèvis sa yo ranpli.

"Egzijans pou kalifikasyon" y ap pale yo eksplike nan pwogram espesyal ak pwosedi pou Edikasyon Espesyal pou elèv nan DistriLlekòl Rejyon Palm Beach. Depatman edikasyon Florid revize epi apwouve dokiman sa a chak ane.

K: Èske kategori kalifikasyon yon timoun detèmine otomatikman nan ki kalite pwogram y ap plase timoun nan?

R: Saldeklas kote yo plase yon timoun ki kalifye ap depann de bezwen jeneral timoun nan. Yo plase timoun yo nan anviwònman saldeklas ki reponn pi byen ak bezwen aprantisaj yo. Kalifikasyon timoun nan se sèlman yon faktè nan chwa meye plasman pou li. Pwogram ESE pou klas matènèl nan rejyon Palm Beach la varye nan kalite anplwaye pwofesyonèl ki prezan nan saldeklas la, degre estrikti, ak èdtan pa semèn nan klas. Y ap detèmine ki kalite pwogram ki kapab konble bezwen yon timoun pi byen ak paran li nan reyinyon pou plasman ki fèt avan timoun nan kapab kòmanse yon pwogram oswa resevwa sèvis.

DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH
DEPATMAN EDIKASYON POU ELÈV ESPESYAL

CHILD FIND – IDANTIFYE BEZWEN POU APRANTISAJ ESPESYAL NAN JÈN TIMOUN

Objektif Child Find se dekouvri si pitit ou a gen bezwen pou edikasyon espesyal, idantifye bezwen sa yo, epi ofri pwogram ak sèvis ki adrese bezwen sa yo. Men etap yo nan pwosesis Child Find lan:

Egzamen: Ofis Child Find mete yon randevou pou detèmine abiltè pitit ou a, epi pou egzamine vizyon l ak odisyon l. Egzamen ofis Child Find ki opere nan zòn ou an ede detèmine si y ap bezwen lòt evalyasyon, epi si wi, ki kalite evalyasyon. Si rezilta egzamen yo ak lòt enfòmasyon disponib osijè pitit ou a montre yon bezwen pou plis evalyasyon, y ap mete yon randevou pou evalyasyon ki pi pwofon. Si egzamen an montre pitit ou a gen abiltè apwopriye pou laj li, li p ap bezwen lòt evalyasyon.

Evalyasyon: Evalyasyon yo rekòmande kapab enkli ladan yo evalyasyon diskou/ langaj, entèlektyèl, devlopmantral, emosyonèl/konpòtmant, odyolojik, Reedikasyon, terapi fizik ak/oswa kominikasyon (andikap sansoryèl). Yo kapab itilize rapò tè sòti nan sous deyò pou detèmine kalifikasyon pou pwogram lan nan plas evalyasyon distri lekòl la fè, si tè sa yo gen tout enfòmasyon yo bezwen pou ranpli kondisyon kalifikasyon distri a ak eta a. Nan kèk ka distri a kapab detèmine yo bezwen plis evalyasyon.

Kalifikasyon ak plasman: Apre yo fini evalyasyon an, y ap fikse yon reyinyon pou diskite rezilta yo ak ou epi detèmine si pitit ou a kalifye pou pwogram edikasyon pou elèv espesyal pou klas matènèl. Si pitit ou a kalifye, y ap ekri yon plan edikasyon endividyèl (IEP) pou li, avèk patisipasyon w, pou rezime bezwen yo idantifye ak sèvis ki kapab pi byen konble bezwen sa yo. Lalwa egzije reyinyon pou plasman/kalifikasyon sa a fèt avan timoun lan kapab kòmanse resevwa sèvis. Li ekstrèman enpòtan pou patisipe!

Lokal pwogram ki pi apwopriye pou pitit ou a dwe baze sou bezwen inik li. Tout lekòl pa ofri menm pwogram. Dapre lalwa, yo pa kapab pran okenn desizyon final osijè kalifikasyon oswa pwogram pou bezwen pitit ou a jiskaske yo fè yon reyinyon fòmèl pou kalifikasyon/diskalifikasyon. *Pou rezon sa a, pèsonn, enkli anplwaye Child Find, pa kapab di w avan reyinyon sa a si pitit ou a kalifye, oswa ki kote y ap ba l sèvis.*

Patisipasyon nan pwogram: Se pwofesè a ak lòt moun ki patisipe yo ki kontwòle avèk anpil swen pwogrè chak timoun ki anwole nan yon pwogram edikasyon pou elèv espesyal nan klas matènèl. Omwen yon fwa pa ane, ak patisipasyon paran an, yo dwe ekri yon nouvo plan edikasyon endividyèl (IEP) pou timoun lan osi lontan pitit ou a anwole nan pwogram lan.

Pou plis enfòmasyon, rele CHILD FIND nan (561) 434-7337.

Child Find se yon sèvis Distri Lekòl Rejyon Palm Beachy, Depatman Edikasyon pou Elèv Espesyal, epi sistèm dyagnostik ak resous pou aprantisaj nan Florid (FDLRS). Sèvis Child Find yo gratis.